



Pou Piblikasyon Imedya: 11/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 33YÈM PWOPOZISYON NAN DISKOU ETA LETA 2017 LAN: PROTEJE MOUN NEW YORK KONT PRI EGZÒBITAN MEDIKAMAN PRESKRIPSYON, GRASA YON APWÒCH REVOLISYONÈ A TWA VOLÈ

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse jodi a yon nouvo pwopozisyon revolisyonè pou pwoteje moun New York kont pri egzòbitan medikaman preskripsyon nan Eta New York. Plan Gouvènè a se yon apwòch a twa volè ki pwal:

- Pwoteje kontribyab yo, paske l ap anpeche yo monte pri medikaman preskripsyon yon fason egzajere nan pwogram Medicaid la;
- Enpoze yon sipleman pou fabrikan medikaman ki mande pri egzòbitan epi distribye lajan sa a bay asirè ak biznis yo, pou prim yo desann ane apre a; epi
- Pwoteje kontribyab yo kont pratik komèsyal malonèt senten entèmedyè ki lakòz pri medikaman yo monte.

“Pri egzòbitan medikaman preskripsyon se yon pwoblèm pou nasyon an depi plizyè ane. Menm jan li te fè sa plizyè fwa deja, New York pare pou chanje sitiyasyon sa a,” **Gouvènè Cuomo di.** “Lè pri medikaman pede ap monte, sa jennen bidjè kontribyab yo ak fonksyonman antrepriz yo. Si yon moun bezwen yon medikaman ki pou sove lavi li, epi moun sa a pa an mezi peye pou medikaman an, konsekans yo kapab terib. Se yon bagay inaseptab pou nou an 2017 epi yon moun ki tonbe malad gen dwa pa gen opòtinite refè senpleman poutèt yon lòt moun vle plen pòch li. Nou dwe met fen a bagay sa a imedyatman.”

Nan twa dekad ki sòt pase yo, pri medikaman, sitou medikaman ki gen mak ak medikaman espesyalize, vin a yon pri egzòbitan toupatou nan nasyon an. Paregzanp, byenke 85 pousan medikaman se medikaman jenerik, lavant medikaman ki gen mak Ozetazini pase de apeprè 10 milya dola an 1984 a 200 milya dola an 2015. Epitou, malgre medikaman espesyalize reprezante sèlman 1 pousan tout preskripsyon, medikaman sa yo reprezante 73 pousan kwasans total pri medikaman nan senk ane ki sot pase yo. Menm medikaman ki te disponib a ba pri pandan plizyè dizèn dane vin monte san rezon e sibatman. Youn nan egzanp ki pi koni nan zafè pri ki monte byen wo, se EpiPen a: pri li monte a 500 pousan parapò a 2007.

Ogmantasyon rapid pri medikaman yo gen gwo konsekans pou kontribyab New York. Nan twa ane ki sot pase yo, kontribyab yo te oblije sibvansyone yon ogmantasyon 1.7

milya dola nan zafè pri medikaman nan pwogram Medicaid la. Anplis de sa, li se yon gwo fado pou biznis yo. Pri medikaman se pi gwo faktè ki aji sou ogmantasyon pri prim asirans sou mache asirans komèsyal New York la. An 2015, depans nan famasi te reprezante 26 pousan total prim asirans nan New York. Se yon pousantaj ki wo anpil lè ou konpare li, paregzanp, a ospitalizasyon pasyan ki te reprezante sèlman 18 pousan total prim asirans yo. Petèt sa ki pi enpòtan toujou, lè pri medikaman preskripsyon yo twò wo, sa anpeche fanmi yo jwenn medikaman ki pou sove lavi. Prezantman, apeprè 77 pousan Ameriken di yo pa gen mwayen peye pou medikaman preskripsyon yo; yo chwazi pa pran medikaman sa yo poutèt konbyen yo koute.

Gouvènè Cuomo ap planifye chanje sitiyasyon sa a e ede fè medikaman preskripsyon yo rete a ba pri grasa yon apwòch a twa volè:

Pou kòmanse, plan Gouvènè a t ap kreye yon plafon pou pri senten medikaman preskripsyon ki koute chè e ke pwogram Medicaid la ap ranbouse. L ap egzije yon rabè siplemantè 100 pousan pou nenpòt montan ki depase pri ke Konsèy Revizyon Itilizasyon Medikaman (“Drug Utilization Review Board”) fikse.

Dezyèm volè plan Gouvènè a mande yon sipleman sou nenpòt montan ki fè pri yon medikaman ki chè depase pri Konsèy Revizyon Itilizasyon Medikaman an fikse, nan kad Medicaid, lè yo vann medikaman sa yo nan eta a. Tout lajan yo ranmase kòm sipleman pwal nan yon kont espesyal Depatman Sèvis Finansye (“Department of Financial Services”) pwa ouvri e jere. Tout lajan yo ranmase kòm sipleman, yo pwal distribye li bay asirè yo pou bese prim asirans pou moun New York ane apre a.

Twazyèm etap nan plan Gouvènè a se va pwoteje konsomatè yo kont pratik komèsal ki enjis nan men entèmedye yo rele Manadjè Benefis Famasi (“Pharmacy Benefit Managers”). Anpil moun panse manadjè sa yo fè pati pwoblèm pri medikaman preskripsyon ki pede ap monte. Manadjè Benefis Famasi se koutye ki negosye pri medikaman pou plan asirans e pou anplwayè ki asire tèt pa yo. Resaman, Depatman Lajistis Etazini (“U.S. Justice Department”) ak lòt moun te deklare ke endistri sa a plen konfli denterè ladan; yo te di gen senten aranjman ki fèt an sekre e ki pa nan avantaj kliyan yo.

Grasa pwopozisyon Gouvènè a, yo pwal mande Manadjè Benefis Famasi pou yo enskri imedyatman na biwo leta, epi y ap gen pou respekte nouvo règleman ki mande yo divilge rekonpans oswa avantaj yo jwenn lè yo pwomouvwa itilizasyon senten dwòg, epitou pou yo di ki lòt aranjman finansye ki afekte kliyan yo. Pwopozisyon an t ap egzije pou Manadjè Benefis Famasi jwenn lisans nan men Depatman Sèvis Finansye Eta a apati 2019. Depatman Sèvis Finansye Eta a t ap gen otorite tou pou li sispann oswa revoke lisans yon Manadjè Benefis Famasi lè pratik komèsyal li yo tronpe moun, enjis, oswa fè abi, oswa si konduit li vyole estanda Depatman an mete an plas.

###